



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 5 MILYON DOLA DISPONIB POU FINANMAN
PWOGRAM PREVANSYON VYOLANS AK ZAM ETA NEW YORK KI KALIFYE POU
SIPÒTE PWOGRAM KOMINOTÈ KI BAZE SOU JÈN YO**

Finansman pou sipòte pwogram kominotè ki baze sou jèn yo pandan dezan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia ke Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) la an kolaborasyon ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York pral rann disponib 5 milyon dola nan finansman Eta New York pou yon òganizasyon ki kalifye pou sipòte òganizasyon debaz, ki baze sou kominote yo k ap kreye epi kenbe pwogram lokal pou jèn nan katye ki gen pi gwo pousantaj vyolans ak zam yo. Òganizasyon ki enterese yo ta dwe ranpli demann aplikasyon an [isit la](#). Dat limit pou aplike pou finansman an, ki disponib sou yon peryòd dezan, se 8 novanm 2023.

"Twòp lavi te pèdi akòz vyolans ak zam san sans, men nan New York n ap travay pou asire sa fini", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Finansman sa a pral ede òganizasyon kominotè yo sipòte jèn ki gen risk yo nan katye yo pou kenbe yo lwen lari yo epi lwen zam. Administrasyon mwen an pran angajman pou rann eta nou an pi an sekirite epi asire ke jèn nou yo gen avni ki briyan ki ranpli ak opòtinite olye vyolans."

Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam (Office of Gun Violence Prevention, OGVP) Depatman Sante a, yon pati nan Biwo pou Ekite Sante ak Dwa Moun (Office of Health Equity and Human Rights, OHEHR) ap fè patenarya ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta a (Division of Criminal Justice Services, DCJS) pou distribye 2.5 milyon dola chak ane pandan dezan bay yon òganizasyon k ap sèvi kòm yon manadjè fiskal, kontra ak pwojè k ap fasilite investisman sa a bay òganizasyon ki baze nan kominote a.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Pandan vyolans ak zam ap kontinye retire lavi ak dechire kominote yo, nou rete angaje nan abòde kòz rasin vyolans ak zam yo, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò ak lidèchip kontinyèl li nan konbat kriz sante piblik sa a. Nou fyè tou pou nou fè patenarya ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la pou ofri opòtinite finansman sa a kòm yon pati nan kad yon nouvo estrateji konplè pou konstwi yon New York ki pi an sekirite."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Pou twòp Nouyòkè, espesyalman adolesan ak jèn adilt, vyolans ak zam se yon reyalyte chak jou. Pandan ke lapolis lokal nou yo ak patnè kominotè yo te fè pwogrè enpòtan nan batay sa a, nou bezwen fè plis pou sipòte pwogram ak sèvis ki bay jèn yo opòtinite pou yo aprann, grandi ak pwospere. Mwen pa ka tann pou mwen kolabore ak Depatman Sante a pou fè sa reyalyze."

Pwogram Jèn Kominotè yo pral pèmèt jèn ki gen laj ant 12 ak 24 ane pou yo resevwa divès sèvis, tankou sipò terapetik, tankou konsèy sou sante mantal ak konpòtman endividyèl ak an gwoup; Anplis de sa, jèn yo pral gen opòtinite pou yo patisipe nan aktivite STEAM - syans, teknoloji, jeni, atistik ak matematik - ak aktivite atistik, ansanm ak lwazi ak espò.

Après Tribinal Siprèm lan te pibliye desizyon 23 jen 2023 li a nan *Brunen*, Gouvènè Hochul te konvoke yon sesyon espesyal nan lejislati a pou aji sou lejislasyon ki te ranfòse pwosesis otorizasyon pou pistòlè New York la, ki te bay yon modèl nasyonal pou sekirite kont zam, epi mennen batay kont vyolans ak zam lan. Nouvo lwa sa yo gen ladann egzijans pou verifikasyon konplè sou antesedan ak fòmasyon sou sekirite zam afe ak tire reyèl pou moun k ap chèche jwenn pèmi pou pò zam kache. Yo entèdi tou moun ki gen pèmi pou pò zam kachee yo nan kote ki sansib, tankou lekòl, bilding gouvènman yo ak lopital epi yo egzije renouvèlman oswa resètifikasyon pèmi yo chak twa ane Eta New York te lanse tou yon [sitwèb](#) pou sekirite zam pou bay piblik la, pwopriyete zam yo, ak machann zam yo enfòmasyon konplè sou nouvo egzijans yo dapre lwa eta a.

Ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse tou 30 milyon dola pou sipòte batay Vil New York kont vyolans ak zam, ki gen ladan 6 milyon pou [Pwojè Sekirite Kominotè Fòs Entèvansyon pou Prevansyon Vyolans ak Zam Vil New York](#). Sa te bati sou efò kontinyèl pou redwi vyolans ak zam nan New York, yon pati nan yon total 337 milyon dola nan Bidjè ane fiskal 24 la ki te atribye pou sipòte yon plan konplè, ki gen plizyè aspè pou vize vyolans ak zak ak krim vyolan, ki gen ladan l yon gwo investisman nan alafwa [Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam](#) (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) ak pwogram [SNUG Street Outreach](#) la ki fonksyone nan 14 kominote atravè eta a.

Investisman 5 milyon dola OGVP Depatman Sante a pral sipòte anpil nan jiridiksyon [Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam](#) DCJS yo. GIVE se yon eleman kle nan estrateji rediksyon omisid fiziyad Eta New York la, epi li bay resous adisyonèl nan kominote ki gen pi gwo pousantaj vyolans ak zam yo. Istorikman, konte sa yo reprezante plis pase 80 pousan krim vyolan ki fèt nan Eta New York andeyò Vil New York.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU